ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№70 (23.884) ● 2019 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 15, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысейм и япэ вице-премьер - финансхэмкІэ министр Силуанов А. Г. дыгъуасэ Мэхъэчкъалэ щригъэкІуэкІащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэным теухуа зэІущІэ. Абы хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В.

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ - финансхэмкІэ министр Силуанов Антон дыгъуасэ Мэхъэчкъалэ щригъэкІуэкІащ КИФЩІ-м «экономикэ лъэпкъ проектхэр» зэрыщагъэзащІэм теухуа зэхуэс. Абы хэтащ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Орешкин Максим, УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэмкіэ и министр Чеботарёв Сергей, КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек, окружым хыхьэ щыналъэхэм я унафэщІхэр, федеральнэ министерствэхэм, къуалыкъущІапІэхэм я лЫкІуэхэр.

ЗЭІУЩІЭМ хэтыну апхуэдэу къраГъэблагъат КИФЩІ-м Іуэхущ1апІэ мыин, курыт щызыІгъэлажьэ хъэрычэтыщІэхэр: зэІуахуэу щызэпсалъэм абыхэм федеральнэ, щыналъэ властхэм я лЫкІуэхэм я деж щагъуэтащ бизнесыр зэрегъэкІуэкІыпхъэм теухуауэ зыщІэупщІахэм я жэуапхэр, езыхэр зыІуэу гугъуехьхэм, абыхэм хэкІыпІэ яхуэхъунухэм я гугъу ящІащ.

ЗэІущІэм кърикІуахэм япкъ иткІэ КИФЩІ-м и хьэрычэтыщІэхэм защІэгъэкъуэным хуэунэтІа пщэрылъхэр зыхуэфащэ къулыкъущІэхэм хуащІащ, абы Кавказ Ищхъэрэм и хьэрычэт Іэнатіэ мыиным, курытым пэрытхэм льготэкІэ мылъку къыдахьыфынри, зыхуей чэнджещэр ягъуэтынри хэту.

«Сыщогугъ КИФЩІ-м лъэпкъ проектхэр щыгъэзэщІэныр экономикэм зиужьыным сэбэп хуэхъуну, абы ипкъ иткІи Кавказ Ищхъэрэм щыпсэухэм я хэхъуэри нэхьыбэ хъуну», - жиІащ Силуанов Антон.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● ЗэІущІэхэр

Дэфтэр нэхъыщхьэр ярет

Урысейм и махуэр щагъэлъапІэм къралым и дэфтэр нэхъыщхьэр - паспортыр - республикэм и еджакІуэ 21-м яритащ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ УФ-м и Президентым КИФЩІ-м и Іуэхуэмкіэ и полномочнэ лІыкІуэм Къэбэрдей-Балъкъарым щиІэ и аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Ткачев Евгений**, УФ-м и Къралэ Думэм и депутат **Геккиев Заур**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, КъБР-м цІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министр **Къумыкъу Іэуес**, нэгъэщІэхэри.

Щэнхабзэм, спортым, школ олимпиадэхэм мызэ-мытІуэ екъуІэныгъэхэр къыщызыгъэлъэгъуа ныбжьыщІэхэм защыхуигъазэм, КІуэкІуэ Казбек жиІащ къралым щагъэлъапІэ махуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зым ирихьэлІэу зэрызэхуэсар.

- Урысей Федерацэм и цІыхум и паспортыр нобэ дгъэлъапІэ махуэщхуэм техуэу къыззэрыфІэрыхьэм куэд къыбжеІэ, зэкъуэтыныгъэр, Хэкур фІыуэ лъагъуныр, абы хуэлэжьэныр и лъабжьэу щытщи. Урысейм хуэдэу къэрал иным, лъэщым ущыщыныр пщІэшхэщ, абы и тхыдэ кьулейм фригушхэу хуейщ, - жиІащ КІуэкІуэм. - Мы дэфтэрым балигъ гъащІэм фыхещэ. Щэч хэмылъу, фэ ехъулІэныгъэфІэхэр зыІэрыбгъэхьану фыхунэсащ, ауэ ар щІэдзапІэ къудейщ. Иджыпсту Іэмал пэрои фиІэщ зывжьынымэ теухуауэ. Ауэ сыт хуэдэ ІэщІагъэ къыхэвмыхьи, сыхуейт сыт щыгъуи хэкупсэу фыщытыну, фи лъахэр ефІэкІуэным фи гуащІэ зэрыхэфлъхьэным фыхуищІэкъуну, ар къэфІэтыну. Фэращ ди къэралым и къэкІуэнур дяпэкІэ зэлъытари, си гуапэщ фи хъэпсапІэхэр къыВзэкъуІэну.

Кувичкэ Никитэ ныбжьыщІэхэм къабгъэдэкІыу республикэ унафэщІхэм фыщІэ яхуищІащ къыхуащІа гулъытэм папщІэ, икІи къэралым хуэпэжу, жэуаплныгъэ яхэлъу псэуну къыззхуэсахэр къыззрагъэгугъэр дыщІигъуащ.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм ныбжьыщІэхэм защигъэлъэныкъащ КъБР-м и Правительствэм и Унэм, иужькІэ абыхэм я упщІэхэм жэуап яритащ. ЩІалэгъуалэм тхьилъ саугъэтхэр хуащІащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. Медицинэм и лэжьакІуэм и махуэм теухуа и хъуэхъу

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Медицинэм и лэжьакІуэм и махуэмкІэ си гуапэу сынывохъуэхъу.

Фэ фи Іэщ1агъэр гущІэгъуэрэ гуапагъэрэ зыщІащ. Абы жэуаплныгъэшхэр пылъщ икІи дэтхэнэми щІэныгъэ куу, егугъуныгъэ хэлъыну, къарууэ иІэр Іуэхум ирихьэлІэну, нэхъыщхьэ дыдэраци - гущІэгъуэр щабагъэрэ бгъэдэлъыну къыхуегъэуэ. Мыхьэнэшхуэ зиІэ а къалэнэр щІыхь пылъу ягъэзащІэ республикэм и медицинэм и лэжьакІуэхэм я нэхъыбапІэм. Хьэлэлу Іэнатіэм фызэрыпэрытым, фи лэжьыгъэ мытынышм фи гур зэретам, гулъытэрэ гущІэгъуэр фызэрІилэм папщІэ фІыщІэ фхуэощІ.

Нобэ республикэм и медицинэ лэжьакІуэхэм узыншагъэр зэрахъумэр егъэфІэкІуэным, иджырей технологиехэр къэгъэсэбэпыным, медицинэ дэпкъыгъэм и фІэгъыр нэхъри къэІэтыным хуэгъэза Іуэхушхуэхэр къыпэщытыр. Фи гъащІэр зыхуэзгъэпса Іэщ1агъэм адэкІи фыхуэпэжу зэрыщытынум, къывбгъэдэхуэ къалэнхэр нэгъэсауэ зэрывгъэзэщІэнум, цІыхухэм пэжыгъэкІэ фаззэрыхуэлэжьэнум шэч къытесхьэркъым.

Узыншагъэ быдэ, ефІэкІуэныгъэ фиІэну, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм екъуІэныгъэщІэхэр фиІэу адэкІи фахуэлэжьэну си гуапэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ

КІУЭКІУЭ Казбек

КІуэкІуэ Казбек жылагъуэ зэгухьэныгъэ щхьэхуэхэм я унафэщІхэм яхуэзащ

Правительствэм и Унэм КІуэкІуэ Казбек щахуэзащ республикэм и ветеран, къэлъыхъуакІуэ организацэхэм, щІэблэм хэкупсэ гъэсэныгъэ етыным телажьэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэм. КъБР-м и Іэтащхьэм абыхэм фІыщІэ яхуищІащ урысей къэралыгъуэр гъэбдэным, тхыдэм и пэжыр хъумэным, щІэблэр гъэсэныгъэ щІалэгъуалэ политикэр пхыгъэкІынымрэ куэд зэрыхащІыхьым папщІэ.

«ФЭ ДЫЩАЛЪХУА республикэм, ди къэралым псэемыблэж лэжьыгъэкІэ, пэжыгъэкІэ фабгъэдэтщ икІи къыдэкІуэтей щІэблэм фращапхъэщ, Хэкум и къэкІуэным гудзакъэ фхэлъу фыбгъэдохьэ», - жиІащ щІыналъэм и Унафэщым.

Абы кьыхиГъэщхьэхуКІащ «Полк уахътыншэ» къэралпсо Іуэхур, апхуэдэу ТекІуэныгъэм и махуэр гъэлъэпІэным пыщІа Іуэхуэхэр къызэгъэпэщыным жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр зэщІэгъэуІуауэ зэрыбгъэдыкъар. Хэку зауэшхуэр зэриухэр илъэс 75-рэ щрикъу эзманым дыщыхуэкІуэ лъэхъэнэм, жиІащ КІуэкІуэ Казбек, республикэм и къэрал властым и органхэм псом япэ ирагъэщын хуейщ зауэм и ветеранхэмрэ тылым щылэжьаехэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыным, нэхъыжьхэм я Іуэхур дэгъэкІыным, Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ хэхъухьаэм ядэІэпыкъуным хуэгъэза лэжьыгъэр. А лэжьыгъэм граждан жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэри кьыхьыхьэну КІуэкІуэ Казбек кьыхуриджащ.

ЩІалэгъуалэр хэкур фІыщІэ лъагъуным хуэгъэсэным хуэунэтІа зэгухьэныгъэу иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэрым 25-рэ щыІэщ. Абыхэм я къудамэхэр район псомми кьыщызэІуахащ икІи ахэр тэмэму лэжьэн папщІэ къэрал программэхэм япкъ иткІэ федеральнэ, щыналъэ бюджетхэм кьыхэкІ субсидиехэр ират. «Ауэ, - кьыхигъэщхьэхуКІащ КІуэкІуэ Казбек, - абыхэм зэфІагъэкІэр бжыгъэ пыухыкІахэмкІэ къэбгъэлъэгъуэфынукъым. А псори цІыхухэм нэхъ япэгъунэгъуу, ахэр зыхуэныкъуэхэр зыхащІэу щытыпхъащ. Дэ дызэщІыгъуу икІи дызэгурыІуэу Іуэхум дызэрыбгъэдыхьэм куэдкІэ елъытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкІуэнур».

Кьыхэхуэсахэм республикэм и унафэщІхэм фІыщІэ хуащІащ ахэр нэхъ зыгъэпІейтей Іуэхуэхэр кьызэрыралъхьам, жылагъуэ жэрдэмхэмрэ проектхэмрэ пхыгъэкІынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм зэрытепсэлъыхьам папщІэ. Апхуэдэ Іуэхуэхэм ящыщщ зэхуэдахэм я фэеплъыр хъумэныр, зауэм и зэманым хэкІуэдахэр щыщІалъхьа щыІпІэхэр зэІузэпэщ щІыныр, кьэлъыхъуакІуэ гупхэм къаГъуэта экспонат хьэлэмэтхэр щахъумэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Хьэмакіуэхэм я музей кьызэгъэпэщыныр, ТекІуэныгъэ иныр илъэс 75-рэ зэзырикъур щагъэлъапІэкІэ хэтыну волонтёрхэр гъэхьэзэныныр.

Зытепсэлъыхьа Іуэхуэхэм хибыдэу республикэм и къэралвластым и органхэмадэкІи тэмэмуядэлэжьэным и гугъу ящІащ зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ1кІэ зэщІуэзэда къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Налшык къалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Абдулаев М. Ч., зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ1кІэ зэщІуэзэда къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Шыхъуэбахъуэ М. Хь., зауэ зэмылІэужьыгъуэхэм я ветеранхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэхэм ззэыгъэуІу я советым и тхьэмадэ ТхьэгъэлІэдж Т. Л., Урысейм и ДОСААФ-м и къудамэу КъБР-м щыІэм и тхьэмадэ ЗэкІуий М. А., кьэлъыхъуакІуэ Нэхущ А. Б., «Мемориал-Эльбрус» къэлъыхъуакІуэ гупым я унафэщІ Тиловэ Ф. Ч., «Зауэлі1эм я зэкъуэшыгъэ» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и унафэщІ Гелястанов Б. А., «Патриот» зэщІэхъеенныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и унафэщым и къуэдзэ Эфендиев Ф. С., «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и еплІанэ нагъыщэр зрата Щоджэн К. А., «Юнармия» урысейпсо зэгухьэныгъэм и республикэ къудамэм и штабым и унафэщІ Іэрыпщэ М. Хь., «Урысейм и полк уахътыншэ» урысейпсо зэщІэхъеенныгъэм и къудамэу КъБР-м щыІэм и унафэщІхэу Битокъу М. В., Романовская А. А., «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» урысейпсо зэгухьэныгъэм и къудамэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Къумыкъу К. З., «КъБР-м щыщу Абхъазым щыІэзэуахэм я союз» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Яхэгуауэ С. С. сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Бюджетым и хэхъуэхэр зэрызэхуахьэсыр ефІэкІуащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм бюджет Іэнатіэм и хэхъуэхэр къыззэщІэгъэуІуэныным, финанс, бюджет, налог хабзэхэр зэрагъэзащІэмкІэ и комиссэм и чэзу зэІущІэр 2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ КІэрэф М. А.

АБы зэрыщыжаІамкІэ, нэгъабэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм нэрыльагъуу щефІэкІуащ бюджетым и хэхъуэхэр къызэрызэщІагъэуІуэр. Езым къызэригъэпэщыж хэхъуэхэр нэхьыбэ зэрыхъу псынщІагъымкІэ республикэм 17-нэ ящыІэр Урысей Федерацэм щиубыдащ (2017 гъэм КъБР-м и ныгъар 83-нэ увыпІэрэщ).

Дызэрыт илъэсми а лэжьыгъэр къагъэтІасхъэркъым. Нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ 2017 гъэм и япэ мазитхуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджет зэгуэтым щІыналъэм езым кьызэригъэпэща хэхъуэхэр къызэрызэщІагъэуІуэр проценти 108,9-рэ мэхъу.

ЗэІущІэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ 2019 гъэм и япэ мазитхуэм КъБР-м и бюджет зэгуэтыр зэрагъэзэщІам, мэкъумэш хозяйствэм и Іэнатіэм налогхэм я лъэныкъуэкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм, мэкъумэш продукцэ къэзыІэкІыжьа ират къэрал дэІэпыкъуныгъэм кърикІуэхэм, КъБР-м и республикэ бюджетым и хэщІэхэр гъэтэмэмыныкІэ зэфІагъэкІэхэм.

● КъБР-м и Правительствэм

Къуажэдэсхэм дохутыр яІэн папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий махуэку кІуам Правительствэм хэтхэм зи чэзу зэІущІэ ядригъэкІуэкІащ.

КъБР-м финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Лисун Еленэ** къызэхуэсахэм яжриІащ 2020 - 2021 гъэхэм ятещІыхьа республикэ бюджетымрэ Казначействэм мылъкур зэрыригъакІуэм епха жыпхъэмрэ теухуа проектым.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КъБР-м инфраструктурэмрэ бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Бэлэтокъуэ Владимир** Правительствэм и унафэм хэлъхьэн хуей зэхъуэкІыныгъэхэмрэ дэщІыгъужьныгъэхэмрэ утыку кьрихьащ, апхуэдэуи «КъБР-м кьат куэду зэтет унэхэр зыхуей хуэгъэзэнымкІэ щыІэ щІыналъэ Іуэхущ1апІэ» фондым и попечительскэ советым хэтхэм я Іуэхукіэ» проектым тепсэлъыхьащ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр **Хъубий Мурат** жиІащ 2019 гъэм кьуажэхэм, кьалэ теплъэ зиІэ жылэхэм е цІыху мин 50 фІэкІа зыдэмыс кьалэхэм Іэпхъуэ е лэжьэну кІуэ медицинэм и лэжьакІуэхэм сом зы мелуан зэрыратынум теухуа проектым. Хъубийм медицинэ лэжьакІуэхэр кьыхуреджэ кьуажэхэм Іэпхъуэжьну, щылэжьэну, абы псэуКІэр щыэзгъаублэн щхьэкІэ мы ахъшэр кьагъэсэбэпыну, ауэ абы щхьэкІэ зэпымыууэ илъэситхукІэ лэжьэн хуейщ, а зэманым хыхьэркъым сабий зыгъуэтахэр зэрыдэс пІалъэмрэ сабийм щыкІэлъыплъ илъэсхэмрэ. «А ахъшэр щІатыр кьуажэхэм, жылэ цІыкІухэм дэт медицинэ Іуэхущ1апІэхэм дохутыр яІэн папщІащ», - жиІащ министрым.

Хъубийм зи гугъу ищІ Іуэхум сом мелуан 95-рэ хуэхахащ, абы щыщу сом мелуан 56,4-р федеральнэ бюджетым кьыхэкІынущ, сом мелуан 34,6-р - республикэ мылькум. Дохутыр ІэщІагъэлІхэр кьуажэхэм дэт медицинэ Іуэхущ1апІэхэр нэхъ зыхуэныкъуэхэм хуэдэу кьыхахащ.

2019 гъэм и япэ мазищым цІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэ бжыгъэр гъэувыным теухуа проектыр щызэпкърихьм, КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыхъумэжьныгъэмкІэ и министр **Асанов Алим** жиІащ хабзэ пыухыкІам тету ар зэрагъэувар, зы цІыхум сом 11801-рэ зэрыхуэзэр, зи кьаруилъыгъуэм - сом 12191-рэ, пенсионерхэм - сом 9122-рэ, сабийхэм - сом 12000 зэрахуэзэр.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замиря.

2018 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм кьрикІуахэм ятеухуа отчетым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2018 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм кьрикІуахэм ятеухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. кьыкилъыкьам Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям тету хэпІауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

2018 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм кьрикІуахэм ятеухуа отчетыр хэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 7-м
№1082-П-П

2019 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Парламентым и гъатхэ сессиер щиух махуэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 41-нэ статьям и Іыхьэ 1-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. 2019 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и гъатхэ сессиер 2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м иухыу кьэлъытэн.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 7-м
№1097-П-П

Фермерхэм ядэІэпыкъунымрэ мэкъумэш кооперацэм зегъэужьынымкІэ системэ зэтрагъэувэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и мылъкур зэрыхухах хабзэхэр зэщІэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2019 гъэм накъыгъэм и 24-м

Налшык къалэ *№86-ПП*

«Фермерхэм ядэІэпыкъунымрэ мэкъумэш кооперацэм зегъэужьынымкІэ системэ зэтегъэувэныр» щІыналъэ проектым щыубзыхуа мурадхэр гъэзэщІа хъун папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Къэщтэн мы унафэм щыІугъуэу:

«Агростартап» грантхэр зэрыхухах Хабзэр;

мэкъумэш кооперацэм зегъэужьыным субсидиехэр зэрыхухах Хабзэр;

мэкъумэш кооперацэмрэ фермерхэм ядэІэпыкъунымкІэ Іэнатіэр зи компетенцэм хиубыдэ щІыналъэ центрым субсидиехэр зэрыхухах Хабзэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащІэ КІЭРЭФ Мурат

● ГуфІэгъуэ пшыхьэр

Мэшбащ1э Исхьэкъ и щІыхькІэ

Адыгейм и къалащхьэ Мейкъуапэ дыгъуасэ Іэтауэ щагъэлъэпІащ дэтхэнэ зы адыгэри дызэрыгушхуэ тхакІуэ цІэрыІуэ Мэшбащ1э Исхьэкъ Шумахуэ и къуэм Урысейм Лэжьыгъэмкіэ и ЛІыхьужь цІэ лъапІэр кьызэрыхуагъэфэщащ.

А ІУЭХУ дахэм кьрихьэлІат Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ КъумпІыл Мурат, АР-м и япэ Президент Джарым Аслъанджэрий, политик цІэрыІуэ, Адыгейм и Іэтащхьэу щыта, Мейкъуапэ дэт технологическэ университетым и ректор ТхьэкІушынэ Аслъэн, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд, «Билайн» компанием и Налшык къудамэм и унафэщІ Шыхъуэстэн Абдулхьэмид сымэ, нэгъуэщІхэри.

Адыгэ лъэпкъ литературэм и шупашэ тхьэмадэм хуэгъэза псалъэ гуапэ куэд щыжаІащ а пшыхьэм. Щхьэхуэу и гугъу ящІащ Исхьэкъ литературэм, лъэпкъ зыужьыныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэхэм.

ГуфІэгъуэ пшыхьэр зэрекІуэкІат теухуа тхыгъэ ди газетым и кьыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм гу зылъатапхъэ

2019 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм кьалэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІрагъэдзу хуежьащ.

Ди газетым тезыдзэну хуейхэм хъыбар идогъащІэ: ар къевгъэхьи папщІэ Іэ щІыщІэвдз хъунущ пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1апІэми. Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ сом 657-рэ кІэлпІейкІэ 66-рэ.

Ди индексыр П 5894

Зэкъуэтынытгъэм къыхуезыджэ

Урысейм и махуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъуауэгъуэм и 12-м Iэтауэ щагъэлъэпIащ. Республикэ унафэщIхэмрэ щэнхабзэ, жылагъуэ Iуэхущ1апIэхэм я лЫкIуэхэмрэ, налшыкдэсхэмрэ хьэщIэхэмрэ, ныбжьыщIэхэр щыззэхуэсат Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуам и щIыхькIэ щыIэ утыкум.

ЦIЫХУХЭМ я лъэпкъ фащэхэр щатIэгъат, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ зэрагIэр зыхыуагъащIэу. Оркестрым игъэIу макъамэхэм едалуэу ахэр гупу екIуэлIащ Къэрал концкоцерт гъэлъэгъуапIэм. Урысейм и ныП метри 8 зи кIыхьагъыр зыIыгъа волонтёрхэмрэ кадетхэмрэ псом япэ итащ. Абдеж къыщыззэрагъэпэщат республикэм и сурэтыщIхэм, IэпщIэлъапщIэхэм, сабий школхэм я гъэсэнхэм я Iэдакъэщ1кI гъэлъэгъуэныгъэхэр.

КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и экрэдэмкIэ къызэрагъэпэща пшыхьыр къызэIуихащ а Iэхуущ1апIэм и унафэщI **Берд Хьэзрэталий**.

- Урысейр зыми хуэмыдэ къэралщ, - жиIащ абы. - И пщIэр иЫгъыу ар зэман нэхъ гугъу дыдэхэми къыпхыкIащ. Ар и фIыгъэщ цIыхубэм я зэкъуэтыныгъэм. Нобэ ди къалэнщ ди Хэкур нэхъри едгъэфIэкIуэну, дуней псом фы и лъэныкъуэкIэ къыхэщу тщIыну. Къэралыр лъэщмэ, абы и цIыхухэм зыри къытегушхуэфынукъым, пщIэ яIэнчу. Урысейр зи инагъым увыпIэ лъагэ щIыIыгъ ди Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм, лъэпкъи 100-м щIигъу зэрысым. Республикэм и ехъулIэныгъэхэр къэралым къигъэлъэгъуащ ордениплIкIэ. Зыщыдгъэгупщэ хъунукъым, ди лъахэр сыт щыгъуи Кавказ Ищхъэрэм и налкIутналмэсу зэрыщытар, дяпэкIи апхуэдэнущ. Дызэкъуэтыхь къыттекIуэн щыIэкъым! Мы махуэшхуэр абы и щIыхьтщ. Мамырыгъэр зэушигъэрэ фиIэну сынывохъуэхъу.

Бердыр къэпсэлъа нэужь, кьызэхуэсахэм я гукъыдэжыр кьаIэту зыкъагъэлъэгъуащ республикэм и уэрэджыIакIуэхэмрэ сабий къэфакIуэ гупхэмрэ.

КЪАНЦАУЭ Мэлычыпхъу.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ПщIэншэу яфIэкIуэд электрокъарур гъэмэщIэным псоми я фейдэ хэлъщ

Электрокъарум зэщIыныгъэшхуэ щIигъуэт щхьэусыгъуэхэм ящыщщ электросетхэр жьы зэрыкъур, дунейм и щытыкIэм елъытауэ абыхэм ныкъусаныгъэ зэрагъуэтыр, апхуэдэу щхьэхуещэхэм электрокъарур зэрадыгъур. А проблемэ къалъитэ «Россети - Кавказ Ищхъэрэ» компаниеим и къудамэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр энерго» зэгухьэныгъэм и Iэщ1агъэлIхэм. Иужьрей зэманым пщIэншэу кIуэд электрокъарур мазэ къэс процент 0,3 - 0,5-кIэ ягъэмэщIэн яхуэзфIокI.

АПХУЭДЭ ехьулIэныгъэм и лъабжьэщ ремонт лэжьыгъэхэр егупсысауэ зэрырагъэкIуэкIыр, жьы хъуа кIапсэхэр, апхуэдэу зи лъэщагъыр хуэмыкIуэж трансформаторхэр и зэманым зэрахъуэжыр. 2019 гъэм псори зэхэту ремонт лэжьыгъэхэм сом мелуани 199,4-рэ хухахащ икIи а лэжьыгъэхэм я нэхъыбапIэр компаниеим езым и къарукIэ иригъэжькIынущ.

ЦIыху цыхьэуещэхэм ядыгъу электрокъарур нэхъ мащIэ щыным къаруушхуэ ирахьэлIэ Шэмпlар Эдуард зи пашэ Iэщ1агъэлI гупми. Абыхэм дызэрыт илъэсым и япэ кварталым Май районым къыщыщIагъэщащ сом мелуанрэ минищэрэ и уасэ электрокъарур къэзыдыгъуну яужь ита промышленнэ Iуэхущ1апIэ мыин. Апхуэдэ хабзэншагъэхэр къыщагъуэт языныкъуэ уней лъапсэхэми.

А щIыкIэм тету къыдагъахуэр трагъэкIуадэ хъунут электросетхэр къэгъэщIэрэщIэжыным, «Къэббалъкъэнерго» зэгухьэныгъэм и лэжьакIуэхэм я ялахуэрэкъэIэтыным, электрокъарур зэрытрагуашэр егъэфIэкIуэным, нэгъуэщIхэми. Ауэ а Iуэхум зэкIэ унафэ пыухыкIа тращIыхьакъым.

Зэгухьэныгъэм 2019 гъэм щIидзауэ егъэззащIэ электрокъарум и учётыр зэрырагъэкIуэкI щыкIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа программэ. Абы хиубыдэу электрокъарур кьызэрабж Iэмэпсымэхэр зэрахъуэкIыу щIадзащ. Иджырей апхуэдэ Iэмэпсымэхэр компьютерым нэхъ ещхьщ. Киловатт бжьыгъэхэр кьызэриридзэм кьыдэкIуэу, абыхэм дэтхэнэ абонентри щахъумэ сетым кърикIуэ электрокъарум зэрызихъуэжым кьихьанкIэ хъунущ мыхъумыщIагъэхэм: хуей щыхъуи деж электрокъарур занщIэу ягъэувыIэ.

IэмэпсымэщIэхэр 2022 гъэм нэсыху щагъэувынущ Дзэлыкъуэ, Бахъсэн районхэм, Бахъсэн кьалэм. 2030 гъэм ирихьэлIэу электрокъарур кьызэрабж иджырей Iэмэпсымэхэр республикэм и жылагъуэ псоми щызэрахъуэкIынущ.

• ФщIэн папщIэ

Сом мелуанитIым щIигъу япшынащ

Зэратх Iэмэпсымэхэм кьызэрагъэлъэгъуамкIэ, мэкъуауэгъуэм и 1 - 7-хэм къуриубыдэу гъуэгум зэрыщыкIуэ хабзэр 16 454-рэ кьызэпаудащ. Псори зэхэту къуэдыуэ тралъхьащ сом мелуани 9-рэ мин 362-м щIигъу. А махуэхэм къуриубыдэу сом мелуани 2-рэ мин 204-рэ, тралъхьам и процент 25-р япшынащ.

Кьуэдыр махуэ 60-м къриубыдэу япшын хъунущ. Абы фIагъэкIамэ, Iуэхур суд приставхэм Iэрагъэхьэ.

Административнэ кьуэдыр хабзэм игъэува пIалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статья) къриубыдэу ямыпшынмэ, ар хэздитIкIэ ягъэбагъуэ е сыхьат 50-кIэ цIыхур ягъэлажьэ.

Кьуэдыр птелърэ птемылърэ кьыщыпщIэфынущ Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru.

БАХЪСЭН Ланэ.

СОНЭ Абдулчэрим Къадир и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и литературэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. Мэкъуауэгъуэм и 12-м дунейм ехьажащ усакIуэ, журналист цIэрыIуэ, КЪБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Сонэ Абдулчэрим Къадир и къуэр.

СОНЭ Абдулчэрим КЪБАССР-м и Бахъсэн районым щыщ Кьупъкъужьи Ипщэ кьуажэм 1942 гъэм кьыщалъхуащ. Курыт еджапIэр кьиуха нэужь Налшык станок щащIи и заводым токару щылэжьащ. 1965 - 1970 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым щIэсащ. Зэман кIыхькIэ ар щылэжьащ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и дежь тхыпхъэмрэ газетхэмрэ кьыдэгъэкIынымкIэ щыIэ Iуэхущ1апIэм къралым и щэхуэхэр печатым кьытемыхуэныкIэ и управленэм. Адэкlэ 1985 гъэм и накъыгъэ маззм щыщIэдзауэ пенсэм кIуэху «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и редактору щытащ.

Сонэ Абдулчэрим художественнэ тхыгъэхэр кьытрыригъадзэу щIидзащ 60 гъэхэм. Абы и Iэдакъэм кьыщIэкIащ «Дзапэ уэрэд», «Пыlэзэфlэхь зэман», «Къуалэбзу джэгуакIуэхэр», «Iэгу-махуэ, Iэщ1-жащ» нэгъуэщI усэ тхылъхэри. Абыхэм ита тхыгъэхэм ящыщ куэд цIыхубэм уэрэду ирахьэжьащ.

Апхуэдэу ар хуэIэкIуэлъакIуэу щытащ очеркхэмрэ публицистикэмрэ. Сонэ Абдулчэрим ятетхыхьырт егъэджакIуэхэм, инженерхэм, Iуэхущ1апIэ зэмылIужьыгъуэхэмрэ заводхэмрэ я унафэщIхэм. Абы адыгэбзэм кьыгъэзэгъащ Есенин Сергей, Евтушенкэ Евгений, Кулиев Кьайсын, Гамзатов Расул, нэгъуэщI куэдми я усэхэр.

Сонэ Абдулчэрим Къадир и къуэр дэ зэи тщыгъуэпщэнкъым.

КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым и правленэ.

КЪБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, «КЪБР-Медиа» къэрал кIэзонэ Iуэхущ1апIэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, КЪБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, КЪБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «Налшык» ОРТК-м, программэхэр къэзыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпанием, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм я коллективхэм гущIыхьэ ящIыхьуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Сонэ Абдулчэрим Къадир и къуэр** дунейм зэрехьажар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

• Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

Бгыхэм удэзыш гъуэгу

Герхожан-Суу, Къая-Арты-Суу псыхэр щызэхэлъэдэж щIыпIэм метр 3100-рэ и лъагагъщ. Абдежым илъэс зыбжанэ хъуауэ щагъэув дунейм и щытыкIэр зыхуэдэр кьэзэпщытэ Iэмэпсымэхэр.

ГЪЭМАХУЭ зэманым абыхэмкIэ МЧС-м и Iэщ1агъэлIхэмрэ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и администрацэм щылажьэхэмрэ Къая-Арты мыпылъэм и зыхъужькIэм кIэлъоплъ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2017 гъэм Герхожан-Суу и къуэбжьымкIэ мывэрэ ятIэрэ зыхэлъ псыдзэ абрагъуэ кьыщехауэ щытащ.

Ищхьэкlэ зи гугъу тщIа пситIыр щызэхэлъэдэж щIыпIэм нэхъапэм уззрыкIуэфыр лъэс гъуэгу цIыкIуклэт. Иджы абы зрагъэубгъуащ, автомобилхэри ирикIуэфынхуэдэу. Ар зэфIагъэкIащ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и гъуэгу хозяйствэм щылажьэхэм.

ТАРИМ Алисэ.

• Хъыбар гуапэ

ПлIэнейрэ дунейпсо чемпионхэр

Дуней псом плIэнейрэ и чемпионхэу Беслъэней Нурмухьэмэдрэ Мырзэкъан Аэзмэтрэ я гъэсакIуэ Мамхэгъ Iэдэм гуфIэгъуэр дагъуэ.

Ди лъахэгъуэху Беслъэней Нурмухьэмэдрэ Мырзэкъан Аэзмэтрэ еплIанэу дунейпсо чемпион щыхъуащ IэпщэрызэуэмкIэ иджыблагъэ Санкт-Петербург щекIуэкIа зэхьэзэхуэ иным.

НАКЪЫГЪЭМ и 31 - мэкъуауэгъуэм и 1 махуэхэм «ищхъэрэ кьалащхьэм» IэпщэрызэуэмкIэ щызэхэта V дунейпсо чемпионатым кьрихьэлIат кьэрал 37-м щыщ спортсмен 200-м щIигъу. Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа хэм абы зи чэзу ехьулIэныгъэшхуэхэр кьыщахьащ.

Килограмм 80-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм пашэныгъэр щиубыдащ Урысей гвардием ди республикэм щIэ управленэм и лейтенант Беслъэней Нурмухьэмэд. Абы и тепщэныгъэм зыми шэч кьытрыригъэкъым икIи кьыпэщIэува псоми нэрылъагъуу ефIэкIащ. Уеблэмэ, дыщэм щыщIэбэна кIэух зэIущIэм хьэрхуэрэгъу кьыщыхуэхъуа, Белоруссием щыщ щIалэри 14:4-уэ хигъэщIащ.

ЗыкIи хъэ хуэмыхуакъым Мырзэкъан Аэзмэти. Килограмм 90-м щIигъу зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм абыи и хьэрхуэрэгъухэм гугъэ лъэпкъ яритакъым. Финалым адыгэ щIалэр щефIэкIащ къэзахъ пелуаным.

Беслъэней Нурмухьэмэдрэ Мырзэкъан Аэзмэтрэ ягъаэсэ Мамхэгъхэ Хьэчимрэ Iэдэмрэ. Иджы тIури еплIанэу дунейпсо чемпион зэрыхъуар абыхэм куэдкIэ я фIыгъэщ. Псалъэм кьыдэкIуэу кьыхэдгъэщынщи, нобэр кьызэдэсым зэхэта дунейуэ зэхьэзэхуитхум ящыщу иужьиплIым Нурмухьэмэдрэ Аэзмэтрэ дыщэ медалхэр я хьэлъагъхэм щызыIэрагъэхьащ. Ахэр зримыхьэлIар япэ дыдэ дунейпсо чемпионатращ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Беслъэнеймрэ Мырзэкъанымрэ Iэпщэрызэуэм текIуэныгъэ нэхъ ин дыдэхэр кьыщызыхьа спортсмен гъуэзэджхэщ. Ахэр Урысей Федерацэми, Европэми, Азиеми, Щы хъуреймиз мызэ-мытIэу я чемпионхэщ, Дунейпсо кубокыр зыIэрыхьагъэхьэщ. А ехьулIэныгъэхэм кьэпэкIуэу «Спортымкlэ щIыхь зиIэ и мастер», «Дунейпсо классымкIэ спортым и мастер» цIэ лъапIэхэр кьыфIащащ.

Мырзэкъан Аэзмэтрэ Беслъэней Нурмухьэмэдрэ я къару илъыгъущ икIи дяпэкIи я текIуэныгъэхэмкIэ дарэжагъуэ куэд къыдатыну, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр нэхъ лъагэжу яIэтыну дащогугъ.

ЖЫЛАСэ Заурбэч.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 15, щэбэт

♦Жьыбгъэм и дунейпсо махуэщ
♦Зи ныбжь хэкIуэтахэм лей къатемыгъэхьэным и дунейпсо махуэщ
♦Урысейм щагъэлъапIэ щIыуэпсым хуэсакъ ныбжьыщIэхэм (юннатхэм) я зэгухьэныгъэр къыщызэрагъэпэща махуэр
♦Армением и къэрал ныпым и махуэщ
♦Азербайджаным щагъэлъапIэ лъэпкъыр хъумэным и махуэр
♦1561 гъэм Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие) Москва нэсащ. Абы щIыгъуащ и дэлъху Думэныкъуэ, и шыпхъу Алтыншаш, абы и щхьэгъуэ Бекбулат, а тIум я къуэ Саин-Булат сымэ.
♦1862 гъэм Америкэм щыщ Гатлинг Ричард япэу пулемёт къигупсащ.
♦1885 гъэм Урысейм къыщыдагъэкIащ цIыхубзхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ жэщым ягъэлажьэну хуит зымыщI закон.
♦1920 гъэм Эстоние Республикэм и Конституцэр къащтащ.
♦1931 гъэм ВКП (б)-м и ЦК-м Москва къалэм метро щыухуэным теухуа унафэ къищтащ. 1935 гъэм и накъыгъэм къызэIуахащ абы и япэ гъуэгуанэр, «Сокольники» - «Парк культуры» жыхуIэр.
♦1954 гъэм УЕФА зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.
♦1984 гъэм СССР-м цIыхубз маухэшхуэу иджыри зы щагъэуващ - ЩIэныгъэхэм я махуэр.
♦2001 гъэм Китайм, Урысейм, Къазахъстаным, Таджикистаным, Кьыргызыстан, Узбекистаным я унафэщIхэм я жэрдэмкIэ Зэдэлэжьэныкъэ Шанхай зэгухьэныгъэр зэрызрагъэпэщащ.
♦Урыс усакIуэ, адыгэ бзылъхугъэм теухуа усэ телъыджи зи кьалэмыпэм кьыпыкIа **Бальмонт Константин** къызэралъхурэ илъэси 152-рэ ирокъу.
♦Совет къэралым автомобиль кьыщIэгъэкIын Iэнатlэр щызэтезыгъуахэм ящыщ, СССР-м автомобиль транспортымрэ шоссе гъуэгухэмкIэ и министру щыта **Лихачёв Иван** къызэралъхурэ илъэси 123-рэ ирокъу.
♦КПСС-м и ЦК-м и секретарь нэхъыщхьэу, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщIу щыта **Андропов Юрий** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.
♦Шэрджэс тхакIуэ **Туаршы Аслъэн** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.
♦Дагъыстэн Республикэм и унафэщIу щыта, Дагъыстэным и Къэрал советым щIыхь зиIэ и унафэщI **Магомедов Магомедали** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.
♦Урыс актёр, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Державин Михаил** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Пщыгъуэш Юрий** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.
♦НТВ телекомпаниием и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ, абы и унафэщIу илъэс зыбжанэкIэ лэжьа, цIыхухэм гунэс ящыхъу нэтын куэд езыгъэкIуэкIыу щыта журналист цIэрыIуэ **Киселёв Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.
♦Латвием и президент **Вейонис Раймондс** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.
♦Урысей актрисэ цIэрыIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Ковальчук Анэ** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхьунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 16, тхьэмахуэ

♦УФ-м и Медицинэ лэжьакIуэм и махуэщ
♦Адэм и махуэр щагъэлъапIэ дунейм и къэрал куэдым
♦Африкэ Ипщэм щыщ лъэпкъхэу зи щхьэхуитыныгъэм щIэбэнхэр дэIыгъыным и дунейпсо махуэщ
♦Африкэм щыщ сабийм и дунейпсо махуэщ
♦ЮАР-м щагъэлъапIэ ЩIалэгъуалэм я махуэр
♦1822 гъэм Санкт-Петербург кьыщызэIуахащ циркым папщIэ яуха япэ унэр.
♦1894 гъэм Пьер де Кубертен и жэрдэмкIэ зэхуашэсащ Олимп джэгуэр кьублэжьыным унафэ тещIыхьыным теухуа конгресс.
♦1903 гъэм Форд Генри США-м кьыщыщзэригъэпэщащ «Форд Мотор» автомобиль компаниер.
♦1921 гъэм Аджарие АССР-р къызэрагъэпэщащ.
♦1925 гъэм тенджыз ФIыцIэ Iуфэм, Гурзуф щIыпIэм деж, кьыщызэIуахащ «Артек» сабий лагерыр. Иужьк1э ар хъуащ Совет Союзым и пионерхэм я зыгъэпсэхупIэ нэхъыщхьэ.
♦1959 гъэм, зэрагъэпэщыжри, Москва кьыщызэIуахыжащ СССР-м и ВДНХ-р - цIыхубз хозяйствэм и ехьулIэныгъэхэр щагъэлъагъуэ унэр.
♦1963 гъэм дунейм щыяпэу цIыхубз хьэршым лъэтащ. Ар совет космонавт Терешковэ Валентинэт - «Восток-6» кхъухьым ису хьэршым кIуат.
♦1992 гъэм Урысейр Дунейпсо банкым хьихьащ.
♦1995 гъэм Дунейпсо олимп комитетым кьыхихащ 2002 гъэм щIымахуэ Олимп джэгуэр щагъэкIуэкIыну щIыпIэр. Апхуэдэ пщIэр лъагъэсауэ щытащ США-м и Солт-Лейк-Сити къалэм.
♦1996 гъэм Урысейм президент хэхьныгъэхэр щекIуэкIащ, ауэ а махуэм зэхэкIатэхъым а къупкъуэр нэхъ зыхуэфащэр. Бадзэуэгъуэм и 3-м екIуэкIа етIуанэ Iыхьэм щызэпэщIэтащ Ельцин Борисрэ Зюганов Геннадийрэ. Iэ зыIэта псомэ я процент 50-м щIигъуэ я дзыхь ирагъэзри, Урысейм и Президенту хахащ Ельцин Борис.
♦Совет дзэ къулыкъущIэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым и Пашъхьэ, Югославиемрэ Болгариемрэ я IыхьжьI, **Текlуэныгъэ»** орденэр зрата **Толбухин Фёдор** кьызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу.
♦Социалист Пэмыжьыгъэм и Пlыхъужь **Хьэжмэт Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.
♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Къумахуэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦Совет фигурист цIэрыIуэ, Олимп Джэгуэхэм тIэныфэр я чемпион хъуа **Зайцев Александр** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.
♦Къэрал лэжьакIуэ, УФ-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1у, Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэу, финансхэмкIэ министру щыта, зэнгъэщI къулыкъуэхми парыта, 2011 гъэм къыщыщIэдзауэ «Роснано» ОАО-м и унафэщI Чубайс Анатолий и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхьунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 17, блыщхьэ

♦ЩIыр игъущкIынымрэ уэгъумрэ ебэныным и дунейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм къыщта унафэм ипкъ иткIэ ягъэлажьэ 1995 гъэм къыщыщIэдзауэ.
♦Армением щагъэлъапIэ Авиацэм и махуэр
♦Румынием и лъэпкъ авиацэм и махуэщ
♦Исландие Республикэм и къэралыгъуэм и махуэщ
♦1565 гъэм Идар Темрыкъуэ и къуэ Мамстрыкъу Москва кIуащ.
♦1885 гъэм Нью-Йорк къуэхькIэ нэсащ США-р зэрыгушхуэ фэеплъ нэхъ гъэщIэгъуэнхэм ящыщ, а къэралым и дамыгъэ нэхъыщхьэхэм хабжэ Хуитыныгъэм и статуэр. Ар америкэ революцэр илъэсищэ щрикъум франджыхэм а къэралым тыгъэ хуащIауэ щытащ.
♦1930 гъэм япэ тракторыр къыщыщIагъэкIащ Сталинград дэт заводым.
♦1940 гъэм Горьковскэ областым хьихьэ Мещеры якъужэм «дыжьын уэшх» къыщешхат. XVI - XVII лIэщIыгъуэхэм зекIуа дыжьын ахъшэ жьгъей миным нэблагъэ уэшхым къриплъэсэхат.
♦1940 гъэм советыдзэхэр Латвиемрэ Эстониемрэ ирашащ.
♦1941 гъэм Германием Iэщ1кIэ зэщIэузэда и дзэхэм я унафэщI нэхъыщхьэм унафэ ищIащ мэкъуауэгъуэм и 22-м и пщэдджыжьым «Барбаросса» планыр гъэзэщIэным яужь ихьэну.
♦1955 гъэм япэу уэгум ихьащ цIыхухэр къызэрырашэкI Ту-104 кхъухьлатэ лъащIыр.
♦1961 гъэм Налшык экраныбгъуэ зиIэ «Восток» кинотеатрыр къащыщIэуахащ.
♦1967 гъэм Китайм щагъэунэхащ япэ водород бомбэр.
♦Совет усакIуэ, драматург, Лениным и щIыхькIэ ягъэувауэ щыта саугъэтыр зрата **Светлов Михаил** (и унэцIэ дыдэр **Шейнкманщ**) къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.
♦СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, дунейм шахматымкIэ и чемпион **Петросян Тигран** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.
♦Мысырым щыщ дипломат, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, Нобель и саугъэтыр зрата **Мохаммед эль-Барадеи** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, «Кабардинка» ансамблым и къэфакIуэу щыта **КIэш Фёдор** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.
♦УФ-м и цIыхьэ артисткэ, Урысейм и Къэрал саугъэтыр тIэнэйрэ зыхуагъэфэща **Захаровэ Александрэ** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зигу мыныкъуэ уи гуныкъуэгъуэ хуумыIуатэ.

● Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Х зэхуэсышхуэм

Хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ яхуэгъэза джэпсалъэ

Ныбжьыгъу лъапIэхэ!

Анэдэлъхубзэр хъумэным, ар егъэфIэкIуэным, ди бынхэм яIуры1ыным, къэкIуэну щIэблэм яхуэхъумэным, абы пыщIа нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэдым йогупсис лъэпкъыр щыIэныкIэ бзэм иIэ мыхьэнэр къызыгурыIуэ дэтхэнэ адыгэри, ар дэнэ щыпсэуми. Ди жагъуэ зэрыхъущи, адыгэр Кавказ зауэжьым дуней псом дыщрикъухьащ. Бзэр хъумэным пыщIа гугъуехьхэм я нэхъыбэр абы къыхэкIащ.

Ди щIыналъэхэм (Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым) щыпсэуж адыгэхэри анэдэлъхубзэр хъумэным гугъу дыдохь, ар псоурэ балъкъэзэу ди республикэхэм щыщытми, къэралым гулъытэ къыхуищIми. АтIэ тынш ар хамэ щIыналъэ уису, уи лъэпкъым, уи бзэм гулъытэ лей къыхуамыщIу пхъумэну? Ди жагъуэ зэрыхъущи, ди бзэр зыщIэжу хамэ зэралъхьм щыпсэу адыгэхэр мащIэ дыдэщ.

Анэбзэр зыIэщIэхуэжаэр зэрымымащIэм дегъэгумэщI адэжь щIыналъэм исыж адыгэхэри Хэкужьым пэIэщIэ хуаехэу щIыналъэ куэдым щыпсэу ди лъэпкъэгъуэри. Бзэр унагъуэм щыземыкIуэмэ, школым щыбгъэтIылъ лъабжьэр махэ мэхъу, зэман докIри, зэтощащэж. Ауэ, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэ хуэхъуми, нобэрей щIэблэм анэдэлъхубзэр ящIэу кьэтэджыркъым.

Тхыдэм кьызэригъэлъэгъуэкIэ, адыгэ мамлюкэм илъэс бжыгъэшхуэкIэ тепщэныгъэр щаIыгъащ Ливиеми, Суданми, Месыри, Сириеми. Апхуэдизу кьарурэ мылькурэ зыбгъадэла лIыхъужьхэм адыгэбзэр яIэщIэмыхуныр яхуэзэпIэкIакъыми, сыту жыпIэмэ, хэхэсым и анэдэлъхубзэр хамэщIым щыIэщIоху. Зырызыхэщ ар кьызэхъулIэр. Бзэр щыпсъумэфынур, зыщебгъэуэзэщIыфынур Хэкум и закъуэщ. Псом хуэмыдэу абыкIэ кьалэнышхуэ я пщэ кьыдохуэ адэ-анэхэм, егъэджакIуэхэм. И сабиигъуэм цIыхум зригъэщIар зэи Iэщ1эхужьнукъым. Аращи, щIэблэм адыгэбзэр фIыуэ ирагъэпIа-гъуэмэ, абы пIыIамыгъэщту драгъэхьхмэ, адэ-анэм, егъэджакIуэхэм лъэпкъым кьалэнышхуэ хуигъэзэщIауэ кьыдольытэ.

Бзэр мыкIуэдын щхьэкIэ, ар гъэлпжьэныр, иIэ кьалэнхэм кьагъэхъуэныр Iэмал имыIэу зэгугъупхъэхэм ящыщщ. АдыгэбзэкIэ кьыдэкI газетым, журналхэм, дауи, мин бжыгъэ йодж, ауэ ахэр дэтхэнэ зы адыгэмри и унагъуэ икьэрсыкъым. А щытыкIэм зегъэхъуэныкъи хуэфащэ гулъытэ имыгъуэту хъунукъым. А псоми кьадэкIуэу, дапэкIи бзэр егъэфIэкIуэн, гъэкъэбзэн хуейщ. Сыт хуэдизу хамэ псалъэ кьэдгъэсэбэпрэ, ди бзэмкIэ абыхэм я мыхьэнэхэр кьызэрядгъэльэгъуэн диIэу? Девгъэпытыт: бжыгъэхэр, махуэщIэхэр, мазэщIэхэр адыгэбзэкIэ жьытIэу пIэрэ?

Уэрамхэм, Iуэхущ1апIэхэм, къалэхэм, къуажэхэм, н.кь. я фIэщыгъэхэр ди республикэм щызекIуэ я хэралыбзэхэмкIэ - адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ - тратхэу хуежьащ. Апхуэдэу щIамэ, цIыхум и нэрм есэнут анэдэлъхубзэм, и бзэри абы нэхъ хэсыгъуэ хъунут. Апхуэдэ щIыкIэкIэ бзэм и пщIэри нэхъ кьэIэта хъунущ. Адыгэ Республикэм и щIыналъэм зы Iуэхущ1апIи унапIи щыбгъуэтынукъым абыхэм я фIэщыгъэр адыгеибзэкIи урысыбзэкIи темыту. Дэрэ абыхэм щапхъэ кьатетхыпхъэщ.

Мыдрейуэ, радиомрэ телевидениэмрэ я Iуэхум халъхьэфынухэр нэсу кьаГъэсэбэпыну Iэмал яIэкъым. А псори зэран мэхъу адыгэбзэр цIыхубэм кьащтэныжкIэ. Телевидеиэр ди зэманым кьару лъэщщ. Зы тхылъ кьеджэ нэхърэ телевизорымкIэ зы нэтын еплъынкъ нэхъ кьащтэ щыхъуакIэ, дэрэ абы зытедухуэн хуейщ. А канальр зэрылъэкIэн хуейм и щапхъэ гъунэжу щыIэщ. Пщащ1ыжьжьым, сабиим и кьэушыгъуэм ирикъэлIэу, телевизорымкIэ кьэтын хуейщ адыгэ уэрэдэхэр, кьафэхэр, псынщIэрыпсалъэхэр, таурыхъэхэр, н.кь. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми сабийр дригъэхьхэныщ бзэм, ар фIыуэ иригъэлъагъунущ, и IукIэ дахэм иригъэсэнущ. Бзэм и IофIэгъым пэувыфын гурыщIэ щыIэкъым. Ар зэ зыхэпщIамэ, сыт щы-гъуи уи Iум, уи гум илъу упсэнущ.

Адыгэ хабзэр, тхыдэр, щэнхабзэр щIэблэм езыгъащIэ тхылъхэми дыхуейщ. ИнтернетымкIэ, телевизорымкIэ адыгэбзэ дерсхэр егъэкIуэкIыпхъэщ, дэнэкIэ щыIэ ди лъэпкъэгъум и бзэр иджыдпи, зригъащIэфынт папщIэ. А Iуэхуэр зэфIэзыхьфын Iэщ1агъэлIэрэри щыIэщ.

Дэтхэнэми фIыуэ илъагъужьи хуейщ и Хэкур, и бзэр, и хабзэр. Ди щхьэм пщIэ хуэтщIыжу, ди акъылым кьызэщIиубыдэр ди бзэм хуэкIуэжу дыщытмэ, дыкIуэдыжынкъым. Илъэс 20 ипэкIэ кьыхэтплъхьауэ щыта «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэшхуэр ноби йокIуэкI, лъэпкъпсо мыхьэнэ зиIэ а Iуэхум хуэлажьэу. Анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ, тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ кьэкIуэну щIэблэхэм яхуэхъумэныр, бзэр курыт школхэм зэрыщаджыр егъэфIэкIуэныр, апхуэдэуи а Iуэхуэм хуэлажьэ щIыналъэ хэхьэ щIыналъэ ящыщ. Абы къыхэкIыу бзэм псом япэ дегугъуи хуейщ.

Хэкурысхэри хэхэсхэри фыкьыхудоджэ анэдэлъхубзэр фхъумэну, фи щIэблэм евгъэщIэну, псоми ди кьарур зэхэтпхьэзу абы и пщIэр кьэтIэтыхьыну!

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Х зэхуэсышхуэм хэтахэм я цIэкIэ.

Налшык, 2019 гъэ, накъыгъэм и 31.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и ЩIыхь дамыгъэр

1. КъАХ-м и ЩIыхь дамыгъэр хуагъэфащэ адыгэ Iуэхум зегъэужьыным, щэнхабзэр хъумэным, лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуфIэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ хуэлажьэхэм.

2. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и бгъэхэIу дамыгъэр сэмэгурабгъумкIэ халъхьэ.

3. ЩIыхь дамыгъэр зыхуагъэфащэхэр кьаГъэлъагъуэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм, жылагъуэ Iуэхущ1апIэм и Гъэзэщ1акIуэ гупым хэтхэм, кьалэ, щIыналъэ (район) кьудамэхэм я унафэщIхэм.

4. Дамыгъэр зратынум теухуа тхыгъэ кIэщI ягъэхьэзыр. Абы кьыхэщ1ын хуейщ зыпэрыт IэнатIэр, адыгэ щэнхабзэм, пъэпкъ зэныбжьэгъуГъэм хуищIа хэлъхьэныгъэр.

5. ЩIыхь дамыгъэр зыхуагъэфащахэр ираГъэблагъэри, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм е абы и унафэкIэ пщэрылъ зыщащIа кьуэдзэм тыгъэр иретыж.

6. ЩIыхь дамыгъэр тIэу зы цIыхум иратыркъым.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Х зэхуэсышхуэм кьыщащтащ.
Налшык кьалэ,
2019 гъэм накъыгъэм и 31-м.

● ДифI догъэлъапIэ

ДЭЦЫРХЪУЕЙ Мусэрбий:

Си адэм и хъыбар нобэми солъыхъуэ

«Новэ-Хьэмидей къуажэм щIыхь зиIэ и цIыху», «Лэжьыгъэм и ветеран», «Зауэм и быныхэр» медалхэр зыхуагъэфэща Дэцырхъуей Мусэрбий и ныбжьыр илъэс 80 ирикъуащ. Нэхъыжьым дыIущIащ и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ тедгъэпсэлъэныхьыну, абы кьыджиIам ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.

- Мусэрбий, зэман нэхъ хьэлъэхэм зи сабиигъуэр хиубыдахэм ущыщщ. Фи унагъуэр дауэ кьыпхыкIа а зэман хьэлъэм?

- Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм кьыдащIыла-зауэм сабий куэд зеиншэу кьиГъэнат. Абы хэщIыныгъэу кьытхуихьар зыхуэдизкIэ, кьыпхуэщIымытыжь. Зи сабиигъуэр пасэу зыIэщIэкIаэхэм, иджы зауэм и быныкIэ зэджэхэм, бэлыхьэр гугъуехьыу я фэм дэкIари псалъэкIэ кьэIуэтэгъуейщ.

Хэку зауэшхуэм зи адэ хэкIуэдахэм дэ зэшитIри, си шынэхъыщIэ Зарубийрэ сэрэ, дащIыщ. Дэ дгъэунэхуащ мэжэщIалIагъэри, щыгъыныджагъэри, кьытщхьщ1ымытыжи ди нэхъыжьхэм я пIэкIэ лэжьэнри. Дыззрысабийм щхьэкIи къэмынэу, балигъхэм дахэту, фашистхэм зэхакъутэр зэфIэгъэувэжыным дыкъэлжьыхьащ. Ди анэ Блинэ и закъуэ къаурикIэ щIалитIыр ди пIащ, кьыштеубГыгъуэ, щхьпн дзэкъэгъэ унэм илъмэ, езым и ныбэр игъэныкъуэрэ, тхуигъэтIылъу. Махуэ псом ди анэр губгъуэм щылажьэрт, жэщыбгъым къэкIуэжа нэужь, унагъуэ Iуэхур зэфIигъэкIырт. Пщэдджыжь гуэрым, иджыри кIыфIэзэхэту, бынитIыр ди закъуэу унэм дыщIиубыдэрти, лэжьакIуэ дэкIырт. ГуфлакIэкIэ зыгуэр тIэкIу кьихьмэ, абы дыкъуэзу арат. Щхьэмыжь кьудей губгъуэм кьыщрагъэщIыпыртэкъым, хъумакIуэхэм шыбгъэкIэ кьражуэкIыу сабийкэр хьэсэм кьыхахужьырт. Зауэм хьыбарышIэу хэкIуэда ди адэ Тlэкьир Хьэмиий и кьуэм хуэпэжу псэуащ ди анэр, и щхьэгъусэр ильагъужьыным и гугъэр химыхьжуи, и ныбжьыр илъэс 80 хьуауэ дунейм ехьжащ.

- Нобэр кьыздэсым фи адэм и хъыбар къыфIэрыхьакъэ?

- СыкьыззэрыдэкIуэтейуэ, зауэм кьикIыжауэ къуажэм дэсхэм сеупщIу щIэздзащ си адэм и хъыбар ззэгъэщIэну. Хэти ар щыдзкIа дыдэхэм хуэзауэ арат, хэти зэуапIэм щыIущIауэ жиIэрт. Ауэ хъыбаршIэу кIуэдахэр куэд хъуртти, къэбгъуэныжьымкIэ гугъапIэу щыIэр мащIэт. ИтIани, зэпызгъэум къыщIэздзэжурэ, нобэми абы и хъыбар солъыхъуэ.

Кьапщтэмэ, Хэку зэуэшхуэм хэкIуэдауэ зи хъыбар ямыщIэ куэд зыщIалъ щIыпIэхэр кьззгъуэтыжащ, я унэцIэхэр фэеплъхэм трагъэжьыныкIэ лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкIаэм сахэтащ. А Iуэхур зэпызмыгъэуауэ иджыри изогъэкIуэкI.

- Балигъ ущыхъум, сыт хуэдэ Iэщ1агъэ кьыхэпхат?

- «МылIэр лIы мэхъу» - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Сыт хуэдэ гугъуехь сымылъэгъуами, лъэпощхьэпо дапщэ сыIуныгъуами, сэ гущIэм и кьэкIуэкIыкIамкIэ сыарэзыщ. Болэтей дэт курыт аджапIэр кьыуэхри, колхозым зэман тIэкIуэкIэ фIэкIа сышымылэжьауэ, дээм кьупкьуу щысщIэну сыдащи, илъэсищ-кIэ сыкъэтащ. Армэм шофёр Iэщ1агъэм сыщ1ыхрагъаджэри, ухуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм чырбыш, пшахъуэ, нэгъуэщI зыхуеинухэри есшалIэу сыщ1ылэжьащ. Кьэдлэжьым щыгъын, шхын уасэр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, кьыттрагъэкIуадэ псори хагъэхьыжырт. Кьэнам и ныкъуэр кьыдатырт, адрей тIэкIур кассэм тхурапIэхьэрт, дыкъыщыкIуэкIэ кьыпIэщIалъхьэжьыну. Школ нэужьым еджапIэ нэхъыщхьэ заншIэу сыщ1эпIэсхьэну кьызэхуIатэкъыми, кьулыкъу здэсщIэм и иужьрей илъэсым еджэным щыхуагъэхьэзыр курсым сагъэкIуэну сыльэIуат. АрщхьэкIэ си кьэкIуэжьгъуэм ирихьэлIэу, ди хэщIапIэхэм сурэт тихуаэ зы тIасхъэщIэх кьаубыдати, дзэ частхэр зэбградзыжу щIэрыщIэу ягуэшыжьын хуей хъури, си дэртрхэр згъэхьэзырыну Iэмал сиIэжакъым.

Шофёру сылэжьэну сыхуиту сыкьэкIуэжами, колхозым иIэ машинэр кьысльысакъым. Сэри еджэным пысщэмэ нэхъ кьасщтэрти, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, заочнэу сыщеджащ. Колхозым сыхьхьэри, абы сыщылажьэурэ комсомол секретару сыхахащ. Колхозым кьуажэм щриГъэщIа ЩэнхабзэмкIэ зэнэкъыщIэзыуахьи, Iэхуащ1апIэм и унафэщIу сагъэуващикIи еджэныр кьэзухьэу а Iэнатlэм сыпэрытащ. Дипломыр ящхьэжа нэужь, Новэ-Хьэмидей курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щезгъэджэну сагъэкIащ.

- Егъэджэныгъэр дауэ кьызэвгъэпэщрэт абы щыгъуэм?

- 1960 гъэхэм я кIэхэм - 1970 гъэхэм я пэхэм кьыхалъхьауэ щыта факультативнэ егъэджэкIэм (еджакIуэхэм я фIэфIыныгъэкIэ кьыхах предметхэм) тещыIыхьауэ мыдрей дерсхэри яхэту едгъэкIуэкIырт. Сыхьэт бжыгъэр зэрымащIэм кьыхэкIыу, еджакIуэхэм едгъэджэн фIыуэ зрагъащIэныр кьехьэлъэкIыу екIуэкIащ. Сабийхэр еджэным дезгъэхьэхьэн щхьэкIэ, класс щIыб лэжьыгъэхэри кьызззгъэпэщырт, зэпеуэхэр егъэкIуэкIырт, пэшыр екIуу згъэхьэзырырт. Апхуэдэуи дэ, егъэджакIуэхэми, ди щэнхабзэм щIыхэдгъахьэурт семинархэмрэ курсхэмрэ, районым щыIэ егъэджакIуэхэм я зэфIэкIым зыщыдгъэгъуазэрт, дерсхэр кьызэрызэгъэпэщ щIыкIэм кьыхэпх хьунур кьэдгъэсэбэпырт. Кьапщтэмэ, разрядэ нэхъыщхьэ дыдэмкIэ сылажьэрт. ЕгъэджакIуэхэм я зэIуIэхэм си зэфIэкIымкIэ сэри адрейхэм сащыдэгуашэрт. Школ унафэщIхэмрэ комиссэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ мызэ-мытIуэ си лэжьыгъэм гулъытэ кьыхуищIащ. Щытхъум и мызакъуэу, фIыщIэ тхылъхэр кьыскуагъэфэщащ, школ унафэщIым, РайОНО-м, республикэм ЩIэныгъэмкIэ и министерствэм я щIыхь тхылъхэр кьызатащ. Щэч хэмыльу, си дежкIэ lпапIэ дыдэщ «Егъэджэныгъэм и отличник» цIэр кьысфIащагъэ зэрыщытари. Губгъуэм и Iэщ1ыхуэхэм я бнэхэм щхьэкIэ школым интернат кьыщIыззIуахати, абы и унафэщIу сагъэувэну, сыпэжьащ еджапIэм завуч Iэнатlэр кьыскуагъэфэщащ.

Ди школым срагъэкIыурэ школ унафэщIу нэгъуэщI кьуажэхэм сыщIылэжьащ. Ауэ, Iэмал зэрызгъуэту, си япэ лъэбакъуэр щысча кьуажэм кьззгъэззжащ. Дэнэ сыщымылэжьами, мыбы щIиIэ гупым хуэдэ срихьэлIакъым. ЗэгурыIуэу, пщIэ зэхуащIу, зыр адрейм сыткIи зыщIигъакъуэу, я гуауи я гуфIэгъуи зэдагъэшу апхуэдэ.

- ЗэрысщIэмкIэ, иджыпстуи Iуэхуэнтэ ущыс-кьым, Мусэрбий...

- Сымылэжьэжми, жылагъуэ гъащIэм сыхэтыну сфIэфIщ. Урысейм пенсэм щыс и цIыхухэм комплютерымкIэ я чемпионат щекIуэкIам, ди республикэм щыщу япэу кIуар сэраш. Кьапщтэмэ, Тэтэрстаным и кьалащхьэ Казань щекIуэкIа а зэхьэзэхуэм сэ нэхърэ нэхъыжь нэкIуатэскъым.

Новэ-Хьэмидей кьуажэм и ветеранхэм я зэгугъэныгъэм и унафэщIу илъэс 11-кIэ сылэжьати, зи ныбжь хэкIуатэхэм псоми я Iуэху зытетым сыщыгъуаззт, сыт и лъэныкъуэкIи защIэзгъэкъуэным сыхущIэкъуащ. Ди республикэм и щIыпIэ дахэхэм абыхэм зыщедгъэпIыныхьырт, концертхэм тшэрт, я узыншагъэм гулъытэ хуэтщIырт, я хуитыныгъэхэр кьахуэгъэсэбэпыныжкIэ дгъэдгъэпыкъурт. Арэзы сщIауэ щытмэ, си гуапэщ. Пенсэм щысхэм я зэгугъэныгъэр кьуажэм кьызэрыщIэзэрагъэпэщрэ абы и унафэщIу солажьэри, гукъанэ зыми кьыскуищIыркъым, дызэгурыIуэу дызэбгъэдэтщ. Зи ныбжь хэкIуатэхэм я гъащIэр кьатемыкьэлъэу ягъэкIуэныжмкIэ щIэгъэкъуэн сазэрыхуэхъуным сыхущIокъу. А Iэнатlитlым щезгъэкIуэкI лэжьыгъэм папщIэ, кьудрэ фIыщIэщытхъу тхылъхэр, дамыгъэхэр кьызатащ. Тэрч районым и щIыпIэ administрацием, Ветеранхэм, пенсэм щысхэм я республикэ зэгугъэныгъэхэм я щIыхь тхылъхэр кьыскуагъэфэщащ. Сэ ахэр сыызэсакъуу сохъумэ. Апхуэдэуи жылагъуэ Iуэхум жыджэру сызэрыхэтыр кьалъытэри, «Новэ-Хьэмидей кьуажэм щIыхь зиIэ и цIыху» цIэр кьысфIащащ. А фIэщыгъэ лъагэм хуэдэ си жэрдэмкIэ кьарезгъэтауэ щытат (кьуажэм и ветеранхэм я зэгугъэныгъэм и унафэщIу сыщылэжьам) илъэс 20-м нэблагъэкIэ Мало-Къэбэрдей совхозым и унафэщIу щыта Мэремкъуэ Мухьэмэдэр зауэмрэ лъжьыгъэмрэ я ветеран Магlу Мухьэрбийрэ. Мэремкъуэм и щIэр кьуажэм и уэрам нэхъыщхьэм фIедгъэщауэ щытащ. Мыхэр кьыщIыхьэзгъэщIыр а дамыгъэм и мыхьэнэр фIыуэ кьызгуроIуэри аращ.

- Уи унагъуэм и гугъу кьытхуэпщIамэ арат.

- ЛжжьыгъэмкIэ си зэфIэкIэмрэ сиIэ екъуэлэныгъэхэмрэ и фIыщIэ мымащIэу хэлъщ си щхьэгъусэ Налифкэ. Бынитху диIэщи, аехэр Iэдэбу, гъэсауэ кьызэрыдгъэхуным дыхущIыкъуащ, щIэныгъэрэ Iэщ1агъэрэ зэрыпхъэкIэ едгъэгъуэтащ, псори унагъуэу дгъэтIысыжащ. Кьуэрылъхъу пщыкIуплI диIэщи (ди хъыджэбз нэхъыжьым и пхъум хъыджэбз цIыкIу иIэщ), ахэр ди нэщ-ди псэщ. «Унагъуэзм я махуэм» ирихьэлIэу, «За любовь и верность» медалыр кьытхуагъэфэщащ.

- Тхьэр арэзы кьыпхухъу, Мусэрбий, ди упщIэхэм жэуап кьызэрептам папщIэ. Уузыншэу иджыри Iуэхуфl куэд блэжьыну ди гуапэщ.

Епсэлъар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

ТекIуахэр ягъэпажэ

Илъэс 20 ипэкIэ «Адыгэ псалъэ» газетым кьызилъхьауэ КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэныжкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэм 2019 гъэм кьрикIуахэр наIуэ щащI гуфIэгъуэ зэхьихьэ иджыблагъэ щекIуэкIащ Май щIыналъэм хьихьэ Александровскэ станицэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм. Фестиваль-зэпеуэм щытекIуахэр гъэлъэпIэныр, адрей илъэсхэуи хуэдэу, мы гъэми Iэтауэ, дахэу екIуэкIащ.

ФИГУ КЪЭДГЪЭКIЫЖЫНЦИ, мы зэпеуэм и кьалэн нэхъыщхьэр егъэджэныгъэсэныгъэм кьыхьихьэ Iэмалыщ1эхэм тету анэдэлъхубзэр егъэджыныжкIэ бгъэдыхьэкIэщIэхэр кьагъэнэхуэныщ, Iэзагъ ин яхэлъу ахэр зи лэжьыгъэм хэзыпщэф курыт школхэр, сабий Iуэхущ1апIэхэр, егъэджакIуэхэр, гъэсакIуэхэр утыку ишэныщ, гъэпэжэныщ, абыхэм я зэфIэкIым псори щыгъуазэ щIыныщ.

Махуэщхьэм кьеблэгъа хьэщIэ лъапIэхэм ящыщт КъБР-м цIыхухэр егъэджэныжкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министр **Кьумыкъу Iэуес**, министерствэм и лэжьакIуэхэр, Май щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Саенкэ Татьянэ**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, Александровскэ станицэм и Iэтащхьэ **Чипцовэ Верэ**, КъБР-м и адрей щIыналъэхэм, цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтыныжкIэ щыпIэ управленческэм, курыт еджапIэхэм я унафэщIхэр, нэгъуэщI куэди.

Къыззхуэсахэр япэщIыкIэ ирагъэплъащ ЩэнхабзэмкIэ унэм и пэIущIэ пэшым деж къыщIыззрагъэпэща выставкэм. Абдеж щIыплъагъурт пасэм щыгъуэ къагъэсэбэпу щыта хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр, еджакIуэ цIыкIухэм я Iэдакъэщ1экI цIыкIуфэкIуэр. АдэкIэ хьэщIэхэр ирагъэблагъэщ Iуэхур щекIуэкIыну пэшми, махуэшхуэр зэрекIуэкIыну зэрагъэпсам тету къыщIадзащ.

ЗэIущIэр къызэIуихыну псалъэ зрата **Саенкэ Татьянэ** жиIащ: «Ди гуапэщ нобэрей зэхьихьэ ди щIыпIэм зэрыщекIуэкIыр. Илъэс кьэс Цlыхухэр егъэджэныжкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ министерствэм иригъэкIуэ мы зэпеуэм мыхьэнэшхуэ иIэщ ди республикэм и егъэджакIуэхэм, еджакIуэхэм я зэфIэкIым, ябгъэдэлъ зэчийжр наIуэ къэщIыныжкIэ, къыдэкIуэтей щIэблэм я анэдэлъхубзэм и щIыпIэ дахэхэм абыхэм зыщедгъэпIыныхьырт, концертхэм тшэрт, я узыншагъэм гулъытэ хуэтщIырт, я хуитыныгъэхэр кьахуэгъэсэбэпыныжкIэ дгъэдгъэпыкъурт. Арэзы сщIауэ щытмэ, си гуапэщ. Пенсэм щысхэм я зэгугъэныгъэр кьуажэм кьызэрыщIэзэрагъэпэщрэ абы и унафэщIу солажьэри, гукъанэ зыми кьыскуищIыркъым, дызэгурыIуэу дызэбгъэдэтщ. Зи ныбжь хэкIуатэхэм я гъащIэр кьатемыкьэлъэу ягъэкIуэныжмкIэ щIэгъэкъуэн сазэрыхуэхъуным сыхущIокъу. А Iэнатlитlым щезгъэкIуэкI лэжьыгъэм папщIэ, кьудрэ фIыщIэщытхъу тхылъхэр, дамыгъэхэр кьызатащ. Тэрч районым и щIыпIэ administрацием, Ветеранхэм, пенсэм щысхэм я республикэ зэгугъэныгъэхэм я щIыхь тхылъхэр кьыскуагъэфэщащ. Сэ ахэр сыызэсакъуу сохъумэ. Апхуэдэуи жылагъуэ Iуэхум жыджэру сызэрыхэтыр кьалъытэри, «Новэ-Хьэмидей кьуажэм щIыхь зиIэ и цIыху» цIэр кьысфIащащ. А фIэщыгъэ лъагэм хуэдэ си жэрдэмкIэ кьарезгъэтауэ щытат (кьуажэм и ветеранхэм я зэгугъэныгъэм и унафэщIу сыщылэжьам) илъэс 20-м нэблагъэкIэ Мало-Къэбэрдей совхозым и унафэщIу щыта Мэремкъуэ Мухьэмэдэр зауэмрэ лъжьыгъэмрэ я ветеран Магlу Мухьэрбийрэ. Мэремкъуэм и щIэр кьуажэм и уэрам нэхъыщхьэм фIедгъэщауэ щытащ. Мыхэр кьыщIыхьэзгъэщIыр а дамыгъэм и мыхьэнэр фIыуэ кьызгуроIуэри аращ.

- Уи унагъуэм и гугъу кьытхуэпщIамэ арат.

- ЛжжьыгъэмкIэ си зэфIэкIэмрэ сиIэ екъуэлэныгъэхэмрэ и фIыщIэ мымащIэу хэлъщ си щхьэгъусэ Налифкэ. Бынитху диIэщи, аехэр Iэдэбу, гъэсауэ кьызэрыдгъэхуным дыхущIыкъуащ, щIэныгъэрэ Iэщ1агъэрэ зэрыпхъэкIэ едгъэгъуэтащ, псори унагъуэу дгъэтIысыжащ. Кьуэрылъхъу пщыкIуплI диIэщи (ди хъыджэбз нэхъыжьым и пхъум хъыджэбз цIыкIу иIэщ), ахэр ди нэщ-ди псэщ. «Унагъуэзм я махуэм» ирихьэлIэу, «За любовь и верность» медалыр кьытхуагъэфэщащ.

- Тхьэр арэзы кьыпхухъу, Мусэрбий, ди упщIэхэм жэуап кьызэрептам папщIэ. Уузыншэу иджыри Iуэхуфl куэд блэжьыну ди гуапэщ.

Епсэлъар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

КУРПЫГЪУ Синэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм
Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар
НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ

● Щыкіухэм факъыхуеджэ

Мыщэ-бжьахъуэ

Зи щхьэр къызыхуэмыІэту къыдыхьэж къуэр зылъэгъуа анэр жыг лъэдакъэжьым хуэмурэ тетІысхьащ. «Аргуэру...», - къиІущэщащ абы. И къуэри къыщІыхьэжри, зэрыкъуанщэр ищІэжьрти, къызэбгъэуа бжащхьэІум къыфІэкІакъым.

Анэр, ауи зыкъримыгъащІэу, жьы щІэту, къыщыльэтри:

- Шэджагъуашхэр хьэзырщ, тІэкІу уедзэкъэну, Лъэбыцэжьей? - щІэупщІащ.

- Хьэуэ, ма, иужькІэ, - жиІэри и пэшымкІэ щІыхьэжащ.

- Хьунщ, нэху, - кІэлъыпсэльащ анэр къуэм.

ЩІалэр блыным щыбкІэ кІэрыгъэщІауэ щетІысэхащ къудамэ цІынэр зэрылъ унэ лъэгум. И фІалъэ лъакъуитымкІэ и щхьэр фІиубыдыкІыжри иутхыпщІащ:

- Аргуэру лэжьапІэм сыкъыІукІыжащ. Щхьэ мыргуэрым сыщымызэгъаро? ЛэжьапІэ дапщэ схуэужар икІи схъуэжьынур? Дотэ сыт жысІэу сыІупльэну? Ди анэми сыкъыгурыІуакІэщ. Ари сфІэгуэныхьщ. Ауэ сэри сакъыгурыІуэн хуейщ. ЛэжьапІэхэм сыкъыщыІыуКІыжыр сыщхьэхьнэу, сымылэжьэфу аракъым. АтІэ, си пэсэм къиштэркъыми аращ. Сэ сыхуейщ лэжьыгъэм дзрэжэгъуэ къызитну. Сызды Іутахэм зыри апхуэдэ яхэтакъым. Дотэ дауэ ар къызэрыгурызгъэІуэнур? Узыхуейр сыт хуэдэ лэжьапІэ жиІэмэ, сэр дыдэми сщІэжькъым. Ауэ къызгурыІуар зыщ: мэз дохутыри, жыггъэкІи, мэзхъуми сыхъунукъым...

- Уи адэр къоджэ, - къыщІэплъащ пэшым анэр.

Лъэбыцэжьей къыщІэкІри, адэм и пащхьэм щыму иуващ. Адэри хоплъэ, абы къызэрыщІидзэн псалъэ игъэутыркъым.

- Узыхуейри къыбгурыІуэж си гугъуэкъым, щІалэ... - жиІащ абы, тэлайкІэ хэплъэу щыса иужькІэ. - Сылэжьарэт, жыпІэрэ, пІалъэкІэ нэхъ мыхъуми бжьахъуэу яхуэлажьэ. Бжьэпщым сыхуэзгати...

- Мыщэр бжьахъуэуи? - къыжьэдэхури щІалэр щІегъуэжащ.

- Бжьахъуэу, уэлэхьи, бжьахъуэу. Лъапэ-лъэдакъэ пщІыуэ укІуэнщ ари... Уи гугъи уэ! - губжьат мыщэжьыр. - Сэ сымэз пащтыкъ къуэдзэ щхьэкІэ, уэ умылажьэу пщыІэм ущІэсыну ара? Нэху здэщым бжьэхэм ялъэІэс.

ЕтІуанэ махуэм щІалэр дзыхьмыщІурэ бжьэхэм яхьихьащ. Езы бжьэхэри зэщІэвэри, абы и хуреягъыр мыарэзыуэ къалъэтыхьу хуежьащ. АрщхьэкІэ бжьэпщыр къащыхэлъэтыкІым, псори зэщІэсабырэжащ.

- Уэра пащтыкъ къуэдзэм къытхуигъэкІуар? - щІэупщІащ ар.

- НтІэ, сэращ, - щтэІэщтаблэщ щІалэр.

- Дызэдлэжьэнщ-тІэ, - къыфІигъэкІакъым бжьэпщми.

Гъатхэ зэманти бжьэгъажэм и гуащІэгъуэт. Бжьэ къэпщІхэм матэщІэ яхуэщІын, жьы хуэахэр зэгъэпэщыжьын хуейт. ПщІэнтІэпсыр ирикъуэкІыу мыщэ щІалэ бланэр махуэ псом лэжьащ. Бжьэ Іэщынэхэм яхэплъэри, игу яхуэзгъэуэ къэзэкІыжащ. Абыхэм бжьыхьэм бжьэтелъхьэкІэ яхуэсакъати, ущІыхуэгуэзвэн щыІэтэкъым.

- Мыщэр бжьахъуэ ящІрэ-тІэ? - къыбгъэщІэлъэтащ абы зы бжьэ щІыкІу.

- Зэрыплъагъущ, - къыпыгуфІыкІащ нэжэгужэу Лъэбыцэжьей. Абы къыгурыІуакІэт нэху здэщым гуфІэу, и лъэр щІым нэмысу лэжьакІуэ бжьэхэм къазэрыхьхьэнур.

МЭЛЕЙ ФатІимэ.

● Теплъэгъуэхэр



Налшык къалэм и щІыпІэ нэхъ дахэхэм ящыщщ Театр Щхьуантіэм и Іэгъуэблагъэр.

● Гъэщіэгъуэнщ

Щхьэ ущІэупщІэрэ?

Нэмыцэ еджагъэшхуэ Гумбольдт Александр Мексикэм зыплъыхьакІуэ щыІэти, ильагъу посм щхьэкІи и гъусэхэм еупщІырт, зищысыр, зыщІар, щащІар, къыздикІар зригъэщІэну хуейуэ. Арати, зыплъыхьакІуэхэр къезышэкІхэм ящыщ зы мексиканецыр хуэмышэчыжу щІоупщІэ:

- Къысхуэгъэгъу, ауэ уэ дуней псом ущыкІэрыІуэ щІэнигъэлІщ, апхуэдизым щхьэ ущІэупщІэрэ?

- Апхуэдизым сызэрыщІэупщІэракъэ адрейхэм ямыщІэ щІэсщІэр, - жиІащ еджагъэшхуэм.

Драматургым и жэуап

Пасэрей алыдж драматург Софокл и ныбжьэгъуэхэм яжриІэрт и зы трагедием хэт сатырищ итхын щхьэкІэ мазхуищІэ егупсун хуей зэрыхъуар.

- МахуищкІэ сатырищ птхауи? - егъэщІагъуэ зым. - МахуищкІэ сатырищэ зыбжанэ стхынут сэ!

- ПТхыфынт, ауэ махуищ къудей псэуну арат! - итащ жэуап Софокл.

Уэ хэт зыхуэбгъэкъабзэр?

Америкэм и президенту щыта Линкольн Авраам деж хамэ къэрал кІыкІа зы дипломат къыщІыхьащ. Абы иригъэлІэу Линкольн и вакъэр ильэщІырти, дипломатыр щІоупщІэ:

- Дауэ, уэ, Америкэм и президентым, уи вакъэр езым бгъэкъабзэуи? - егъэщІагъуэ щІалэм.

- Согъэкъабзэ, - итащ жэуап Линкольн, - уэ хэт зыхуэбгъэкъабзэр?

Акъылырщ тэмэму гуэша хъуар

Франджы философ Монтень зэгуэрым гу лъитащ:

- СызэреплъымкІэ, мы дуней псом тэмэму гуэша щыхъуар акъылырщ.

- Ар сытым кьыхэпха? - жаІэу щыщІэупщІэм.

- Акъылыр къызэремэщІэкІым щхьэкІэ зыгуэр тхъэусыхэу зэхэфха? - итащ жэуап Монтень.

● Цыхуэщхуэхэм я гупсысэхэр

Щапхъэ умылъагъумэ, зыри пхузэгъэщІэнукъым

Сыт хуэдэ псысэми пэж гуэр хэлъщ.

ЛЕНИН (Ульянов) Владимир, *революционер.*

ЩІэныгъэм нэхъ къару лъэщрэ текІуэныгъэ къахуэзыхьрэ цІыхухэм якъуэлъкъым.

ГОРЬКИЙ Максим, *урыс тхакІуэ.*

Щапхъэ умылъагъумэ, зыри пхузэгъэщІэнукъым.

КОМЕНСКИЙ Ян, *чех щІэныгъэлІ.*

ЩІэныгъэрщ цІыхур зыгъэлъагэри, хуитныгъэ къезытри.

ПИСАРЕВ Дмитрий, *урыс критик.*

ГъащІэр фІыуэ плъагъурэ? Апхуэдэу щытмэ, зэман умыгъэкІуэд: зэманыр гъащІэр къызыхэщІыкІа налъэщ.

ФРАНКЛИН Бенджамин, *америкэ щІэныгъэлІ.*

Лэжьыгъэр узыфэ псоми ущыщызыхъумэ щАруащ.

ОСТРОВСКИЙ Николай, *урыс тхакІуэ.*

Нэхъыбэ дыдэу цІыхум фІэкІуэдыфынур пщІэнэзу игъакІуэ зэманырщ.

ТЕОФРАСТ, *алыдж философ.*

Куэдрэ гупсысэм хэкыпІэфІ къыщигъуэтыр мащІэщ.

ГЁТЕ Иоганн, *нэмыцэ усакІуэ.*

● Хъуэхъу

Лэскэн районым хыхьэ Анзорей къуажэм щыщ Дол Илэ Хьэжысмел и къуэм и ныбжьыр илъэс 60 зэрырикъумкІэ дохъуэхъу

ПщІэ зыхуэтщІ, фІыуэ тлъагъу ди нэхъыжьыфІым узыншагъэ быдэ уиІэу, дэрэжэгъуэмрэ гуфІэгъуэмрэ уи бэу, дыбгъэгушхуэрэ удгъэгуфІэу, уи пщІэр лъагэу, щІэблэм я насыпп лъагэуу, уи унагъуэ жьэгуу мыужьыхьыу тхуэпхъумэу укъытщхьэщытыну ди гуапэщ. Уи дунейр нэхуу, гуауэр ппэІэщІэу, гъащІэм и Іэфыгъэ псори зыхэпщІэу, уи псэр къабзэу, уи гур зэІуахуэ цІыхум уадокІуэкІри, абы и сэбэп къокІыу, ноби хуэдэу удиущияякІуэу, удичэнджэщэгъуу илъэс куэдкІэ дяпэ уитыну Тхьэм жиІэ!

Уи унагъуэр, уи къуэшхэмрэ шыпхъуэхэмрэ, уи нысхэмрэ, уи малъхъэхэр.

● Фэ фщІэрэ?

Челеби Эвлиярэ адыгэхэмрэ

ТХЫДЭ гъуэгуанэхэм илъэс куэдкІэ ирикІуэу, Кавказымрэ абы щыпсэу лъэпкъхэмрэ я къекІуэкІыкІам икъукІэ убгъауэ тепсэлъыхьахэм ящыщщ зекІуэлІ Челеби Эвлия. Абы илъэс 40-кІэ къызэхикІуэльащ Уэсмэн къэралыгъуэмрэ абы къыпэщылъ щІыналъэхэмрэ. Куэдрэ здэщыІа щІыналъэхэм ящыщщ Адыгэ Хэкур.

Псалъэм папщІэ, япэ дыдэу адыгэ псалъэхэр тхын, зэхуэхьэсын щІэзыдзауэ зи цІэр къраІуэри зыхуагъэфащэри аращ. ЗэманкІэ ар зыхуэзэр 1662 - 1664 гъэхэращ. ЗекІуэлІым, тхыдэтхъым хьэрыл хьэрфхэр къиГъэсэбэпуэр итхыгъащ адыгэ псалъэ 24-рэ, псалъэ зэпхахэу 19. Челеби зэхуихьэса псалъэхэр, Блейштайнер япэу гу зэрылытащи, адыгеибзэм нэхъ и гъунэгъущ.

ЩІэныгъэрылажьэ Темыр Рае и тхыгъэм мылъхуэдэу дыщфохьэлІэ: «Адыгэхэмрэ нэгъуейхэмрэ яку дэлъа зэхущытыкІэр фЫ дыдэу итхыжащ Тыркум и КъэхутакІуэ-зыплъыхьакІуэ, ефэнды Челеби Эвлия. Ефэндым щІыгъуа и гупым адыгэ щІыналъэр хы ФІыцІэ Іуфэм къыщыщІэдзауэ Псыжь и къьжьапІэмкІэ къыдэкІуейуэрэ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм (адыгэ лІакъуэхэм) я псэукІэм, цІыхухэм я зэхущытыкІэм, хабзэу зэрахьэм зыщагъэзэгъуэрэ, я гъунэгъу лъэпкъхэр зыхуэдэхэр, а лъэпкъхэр зэхэщыалІэ Іэхуэгъуэхэр, зэпІэщІэ зыщІкІэр ятхыжу 1666 гъэм щыхьэщІащ.

Челеби зэрыжиІэмкІэ, Мухьэмэд-Джэрий адыгэ лІакъуэ «шегаке» фІэщыгъэр зезыхьэм малъхъэ яхуэхъуауэ, пэрыуэгъу имыІэжу щыхуей щІыпІэм и пщыІэр щигъэуву ягъэпсэурт. Абы нэмыщІ Челеби дыщегъэгъуазэ Адзгум псыр хы ФІыцІэм щыхэхуэжьым деж адыгэ лъэпкъыжьым и щІыналъэ «Черкесттан»-р къызэрыщыщІидзэр. Абы нэмыщІ къэхутакІуэм Іупщіу къеретхэкІ Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу адыгэ лІакъуэхэр, жьы зэрыщІэдзыгъу, Челеби къиртхэкІа адыгэ лІакъуэхэм я нэхъыбэм я фІэщыгъэщІэхэр къэнауэ ноби щыІэщ: бжьэдыгъу, хьэтыкъуей, адаМэ, мэхъуэш, нэгъуэщІэхэр.

ЛІакъуэщІэхэм нэмыщІ, Челеби къретхэкІ псыхэм я фІэщыгъэхэри, уеблэмэ къыхегъащ «Псенэф» фІэщыгъэхэр зезыхьэм нэгъуейхэр «Карасу»-кІэ зэреджэр. Адэкіэ къребжэкІ «Гиага», «Уль», «Лаба», «Сераль», «Уарп», «Кубань», «Тегень», «Энджик», «Биююк-Энджик», нэгъуэщІ псыхэр.

1666 гъэм Челеби Адыгэ Хэкум щыщыхьэщІам ильэгъуахэр кьанэ щымыІэу, нэхъ тэмэму жьгІэнци, адыгэщІым и гъунапхъэкІэр, щыпсэу лІакъуэхэр, псыхэм яцІэхэр къритхэкІащ...»

АтІэ, хэт Челеби Эвлия хъужьр? 1611 гъэм ар къыщыхъуащ Истамбыл щыпсэу дыщэкІ Дервиш Мехмед Зилли и унагъуэм. И анэ-адэм зэфІэкІ яІэти, щІэныгъэфІи ираташ. Эвлия и анэр Мелик-Ахьмэд-пашэ визирым къыдалъхуауэ и щыпхъут, Абхъазым къыщыхъуат.

Эвлия япэу зэхэзекІуэ щежьауэ яхьуаІэр 1640 гъэращ. ИльэгъуауэХъуам теухуа тхыгъэ зэхуэхьэсахэр толипщІу къыдэкІыжащ «Сейяхатнаме» («Книга путешествий») цІэр яІэу. Пэжщ, и тхыгъэхэм егъэлеиныгъэ куэди ущрихьэлІэ щыІэщ. Арами, щыпсэуа зэманымрэ, абы щыгъуэм щыІа къэралхэмрэ псэуа лъэпкъхэмрэ ятеухуауэ Эвлия къызэринэкІам уасэ хуэщІыгъуейщ.

Уэсмэн къэралыгъуэр къызэхикІухьа иужь, ар щыІащ Кавказым, Кърымым, Австриием, Мэжярым (Венгриием), Фракием, Македониием, Крит хытІыгум, Мэчэм, Мысырым. Апхуэдэуи адыгэхэр Польшэм, Литвам, Кърымым зэрыщыІам, зэрыщыІзуам теухуауэ хуабжьу тхыдэ тепльэгъуэ гъуэгуанэ куэд, къеІуэтэж.

ЗекІуэлІыр, зэрыхуагъэфащэмкІэ, Каир щыщІалъхьэжащ 1682 гъэм.

БЕМЫРЗЭ Зураб.

● Чэнджэщхэр

Гъуаплъэ хьэкъущыкъукІэ тхъу зэрахьэркъым

♦Джэдыкіэ ивыкІар псынщІэу псы щыІэм хэпльхьэмэ, и фэр текІыгъуафІэ мэхъу.

♦Тхьэв япщам и щхьэм Іэмал имыІэу хьэжьигъэ траудэ е щэкІ трапхъуэ. Апхуэдэу ямыщІмэ, тхьэвыр къэтэджыгъуей мэхъу, и щхьэри тогъкІ.

♦Пщагъэр псы хуабэпщІкІэ зэІах, хуабагъыр градус 27-32-рэ хъууэ. Псы щыІэкІэ пщагъэр ягъэткІумэ, тхьэвыр тэджыгъуей мэхъу, псывзІуэ ящІмэ - пщагъэр зэкІуэдэнущ.

♦Гъуаплъэ хьэкъущыкъукІэ тхъур зэрахьэркъым, абы щІэх щызэІохьэри.

♦Хьэжьигъэр (нартыху хьэжьигъэри, гуэдз хьэжьигъэри, нэгъуэщІри) шхыныгъуэ хьэхущыкІын и пэ къихуэу Іэмал имыІэу къъузанэкІэ яухуэнщІ, жьы щІихун щхьэкІэ.

♦Гъэшхэкіэр нэхъ куэдрэ зэІымихьэу щытщ, зэрыт хьэкъущыкъур бинткІэ щхьэщыпхьыкІауэ щыІэпІэ гъэувамэ.

♦Къэбыр щагъавэкІэ псы куэд щІакІэмэ щІынэ мэхъу, и Іэфірм щІех.

♦КІэртІоф укъэбзар псы щІыІэм хэлъмэ фЫщІэ хъуркъым.

♦КІэртІоф пІастэ ящІынумэ, кІэртІоф гъэвар бэлагъкІэ ящІ. Иджы нэхъыбэм кІэртІоф гъэвар лыхьэжьым щІагъэкІ хъуащ. Ар нэхъ псынщІэу зэфІэкІ щхьэкІэ, абы кІэртІоф пІастэр фЫщІэ ещІ икІи витамин С-р егъэкІуэд.

♦Джэдыкіэр щадэкіэ ар зракъутэр хьэкъущыкъу лащ.

♦Нартыху хьжьигъэр куэдрэ щылъмэ дыдж къьщІохьэ икІи хьэпІащІэ хещІэ.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Щэнджэщхэр

Псалъэзэблэдз



Мэкъуауэгъуэм и 7-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: **5.** Шэфтал. **7.** Хьэщпакъ. **8.** Ибэ. **9.** ЦІэ. **10.** Уэ. **11.** Щхьэхынэ. **12.** Ерыщ. **14.** Хьэдзэ. **15.** Хьэсэгъу. **18.** КІапсэ. **19.** Джарым. **22.** Дыкъуэнагъ. **30.** Ушхэ. 31. Менлы. **32.** Бырыб. **33.** Даур. **34.** Тхьэв. **35.** Назирэт. **38.** Бы. **39.** Мы. **40.** Дыху. **41.** Блыщхьэ. **42.** ХьэфІыцІэ.

Къехьу: **1.** ХьэмцІыраКІэ. **2.** Бабыщ. **3.** ХьэмкІэ. **4.** Вагъэбдзумэ. **6.** Убых. **13.** Щапхъэ. **14.** Хьэрэм. **15.** Хьэм. **16.** Сыдж. **17.** Гъуджэ. **20.** Акъужь. **21.** Унэ. **23.** Хьэшыр. **24.** Жэнэт. **25.** Джугашвили. **26.** Къэб. **27.** Кьыр. **28.** Кумб. **29.** МыджэмыпцІэ. **35.** Нащхьэ. **36.** Имыс. **37.** Тумэн.

Екіуэкіыу: **5**. Кхъуэхльатэзехуэу щыта, Совет Союзым и ЛІыхъужь. **7**. Гъэмахуэ пщэдджьжьым ... телъу нэху дыкъекІащ. **9**. Дыгъэ къепсри, дунейр ... хъужащ. **10**. Лъэпщ ипэкІэ нартхэм яІа гъукІэ. **12**. Зи суд ящІэм къыщхьэщыж цІыху. **14**. Мылищэм и лэжьакІуэу щыта, «НэгъуэщІ щІалэхэмкІэ уемыплъэкІ», «Нусэ», «УзипльапІэщ», «Стилягэ» уэрэд цІэрыІуэхэр зыуса. **16**. Адыгэ композитор Іэзэу щыта. **17**. Псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, ... лъакъуэ щІэткъым. **18**. Ябынкъуэ уэрэдхэм куэдрэ зи цІэ щызэхэпх къуалэбзу лъакъуэ кІыхь, пщэ псыгъуэ кІыхь. **19**. ЦІыху гущІэгъуншэ, ткІий. **20**. АнэкъиІлъку. **23**. Ахьшэ жьгъей. **25**. ПкъащІэ Іэмэпсымэ. **26**. Хьэ лъакъуэрэ ... лъакъуэрэ пхуэубыдынукъым. **27**. ЗыщІышынэн имыльагъумэ, ... Іуащхьэм докІ. **28**. Зеинщэ. **29**. Жьы къемыпщэу дунейм и хуабэгъуэ зэман. **32**. Хамэ унагъуэм ирагъэпІу щыта щІалэ цІыкІу. **34**. ... псы кІэрыпщІэрэ? **35**. Къалмыкъ ... е фошыгъу ... **37**. Сэшхуэ ..., джатэ, ... **40**. Адыгэ уэрэджьыІакІуэ Іэзэу щыта, КъБР-м и цІыхубэ артист. **42**. ЗыльэкІ унагъуэм я ІузэутхьэбзащІэ. **43**. ЛэжьакІуэжьым и Іэгум ... тришІащ. **45**. МусЛъымэн лъэпкъышхуэ. **46**. Ди республикэм щыщ, Къэрал Думэм и депутат. **47**. ЩІоджэнщІыкІу Алий и поэмэ нэхъ цІэрыІуэ дыдэр. **49**. Псым и куупІэ.

Кьехьу: **1**. ЩІыгъын яГъэтІыльъыжам хищІэ хьэпІащІэ. **2**. Къалэ, псыежж, район. **3**. Чыржын, мэжаджэ, хьэтыкъ, ... **4**. Уафэм хьэх мыл тыкъыр цІыкІу. **5**. ГъэтхэМ пасэу къэгъагъэ удз гъуэжь. Е щэкІ Іув, цы кІэщІ щабэ тету. **6**. Хьыджэбз ныбжьыщІэ. **8**. Жэмыш, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь Пащты ... **11**. Хадэм зэрилажьыхь. **13**. Убэлэрыгъамэ, а псэущхьэм хадэм ит жыгыщІэ цІыкІухэр «иухъуэнщІынущ». **14**. ШколакІуэм кърата унэ лэжьыгъэ. **15**. Жьыг лІэужьыгъуэ, и гъэгъахэр хужьрэ Іэрамэу пыту. **20**. И шыкІэ ... екъэжащ. **21**. Ди республикэм и кІалэхэм я нэхъыщІэ дыдэр. **22**. Махъсымэ къызыхащыкІ зэхэгъэва. **23**. ПыІэ папщІэу хъэрып цІыхухъухэм я щхьэм крашэкІ щэкІ. **24**. НапІэзыпІэ. **30**. Кавказым щыщ кІалэ, цІыху мелуаным щІигу щыпсэууэ. **31**. ЛЪахъстэн вакъэ пІащІэ. **33**. ... уасэ иІэжьым, гъэсэныгъэм гъунэ иІэжьым. **36**. ЯхуэмыпажьэГ бжьэхъущхуэ. **38**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Суд Нэхъыщхьэм ильэс куэд хъуауэ и унафэщІ ... Юрий. **39**. Адыгэ цейр зыгъэдахэ, къупщхьэ цІыкІухэр зэрылъ. **41**. Адыгэ сабийхэм папщІэ къыдэкІ журнал. **44**. ЩІалэ цІыкІу мызагъэм, къэзыхьыхьрейм и вакъэр ... хъуащ. **45**. Хывым зэреджэ нэгъуэщІыщІэ. **48**. ПхъащхьэмыщхьэЗ. **50**. ЩІоджэнщІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакІуэу щыта, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист. Абы и цІэр зэрехьэ Черкесск дэт Адыгэ театрым.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Редактор нэхъыщхьэм и ящэ къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегиэм хэтхэр:

Хьэфіыці Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), ЖылаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхъ секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астьэн, НэщІэпыдэж Замирэ, Тэрим Марианэ, ЩхьэщэмыщІ Иза.



Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхугъэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щІыупсыр хъумэныкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхутъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэху жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтеху зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-18, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъыгъаазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі Іэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхъ секретарь Къаншокъуэ Эллэ, редактору ЖьэкІэмыхъу Маринэ, корректорэу Щоджэн Заирэ (1, 2, 3-нэ нап.), Нэуэщокъуэ Заирэ (4, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, сурэтхэм елэжьар Бицу Жанизщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.204 ● Заказ №519